

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Jejer Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung anu alamatna di Jl. LMU I Suparmin No. 1A. Jejer na nya éta murid-murid kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung anu jumlah siswana 34 urang ngawengku 16 urang siswa lalaki 18 urang siswa awéwé. Data anu digunakeun dia ieu panalungtikan nya éta hasil diajar narjamahkeun kana basa Sunda ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) ka siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun ajaran 2012/2013.

3.2 Desain Panalungtikan

Metode kuasi ékspérimén (*Quasi-Experimental*) mangrupa metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Metode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu nya éta metode anu digunakeun dina hiji panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Metode kuasi ékspérimén ieu digunakeun pikeun ngungkulan héséna dina nangtukeun kelompok kontrol dina nalika panalungtikan. Kamampuh siswa dina ieu panalungtikan diukur maké *Pre-test and post-test*, nya éta diukur nalika saacan naggunakeun perlakuan (prates) jeung sabada perlakuan (postes).

Aya tilu jenis desain anu dikategorikeun kana kuasi ékspérimén, nya éta (1) *One shot case study*, (2) *Pre-test and post-test*, jeung (3) *Static Group Comparison* (Arikunto, 2010:123). Desain panalungtikan kuasi ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Kelompok Tés awal-Tés ahir (*Pre-test and Post-test Group*). Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan ieu di handap.

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

*Modél Student Teams Achievement Division (stad)
dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda
(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung
taun ajaran 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

O_1	X	O_2
-------	-----	-------

Keterangan:

O_1 = Tés awal (*Pre-test*)

O_2 = Tés ahir (*Post-test*)

X = Perlakuan atawa *Treatment* ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD)

Dina desain ieu observasi dilakukeun dua kali, nya éta saacan perlakuan jeung sanggeus perlakuan. Observasi anu dilakukeun saacan perlakuan (O_1) disebut *Pre-test*, jeung observasi anu dilakukeun sanggeus perlakuan (O_2) disebut *Post-test*. Dina desain ieu panalungtik bisa mikanyaho hasil ngeunaan jejer anu ditalungtik jeung mikanyaho kumaha hasil ahir anu dilakukeun ka unggal jejer.

3.3 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.3.1 Variabel Panalungtikan

Variabel panalungtikan nya éta hiji konsep anu dipaké dina panalungtikan. Nurutkeun Hatch jeung Farhady anu dikutip dina Sugiono (2012:60) sacara tioritis variabel mangrupa atribut atawa objek anu miboga “variasi” antara nu hiji jeung nu séjéna atawa hiji objék jeung objék séjéna. Sedengkeun Sugiono (2012:61) nétélakeun yén variabel panalungtikan téh nya éta hiji atribut atawa sifat, objek atawa kagiatan anu miboga variasi anu tangtu anu ditangtukeun ku panalungtik pikeun dipaluruh jeung dijieun kacindekanna.

Dina panalungtikan anu maluruh pangaruh hiji *treatment*, aya variabel penyebab (X) atawa variabel bebas (*independent variabel*) jeung variabel akibat.

NO. 540/FPBS.0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Y) atawa variabel terikat/kauger (*dependent variabel*) (Arikunto,2010:169). Dumasar anu disebutkeun ku Arikunto, dina panalungtikan ieu anu jadi variabel penyebab (X) atawa variabel bebas (*independent variabel*) nya éta modél *Student Teams Achievement Division* (STAD), sedengkeun variabel kaugerna (*dependent variabel*) nya éta kamampuh siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung dina pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda.

3.3.2 Wangenan Operasional

- 1) Modél pangajaran nya éta hiji rarancang atawa pola anu digunakeun salaku padoman dina ngararancang/ngarencanakeun pangajaran di kelas jeung pikeun nangtukeun alat-alat pangajaran, kaasup dijerona buku-buku, pilm, komputer, kurikulum, jsb.
- 2) Model *Student Teams Achievement Division* (STAD) nya éta bagian tina pangajaran *cooperative learning* (pangajaran kooperatif). Pangajaran kooperatif tipe *Student Teams Achievement Division* (STAD) nya éta salah sahiji wangun pangajaran kooperatif tempat siswa diajar sacara kelompok, sarta sawala guna manggihan jeung nyangkem konsep-konsep. Unggal anggota kelompok bagi-bagi tanggung jawab. Siswa sacara individu dibéré hiji tés anu aya pangaruhna kana evaluasi kabéh anggota kelompok. Hasil diajar kelompokna dibandingkeun jeung kelompok séjén. Hasil diajar kelompokna dibandingkeun jeung kelompok nu séjén sangkan meunang *reward* (hadiah) (Abidin, 2009:51). Dina ngabagi kelompok, dina model pangajaran *Student Teams Achievement Division* (STAD) dijieun kelompok-kelompok leutik sacara kolaboratif anu anggotana opat nepika lima urang anu struktur kelompokna *heterogen*.
- 3) Narjamahkeun nya éta salah sahiji Kompetensi Dasar anu diajarkeun ka kelas X. Narjamahkeun kana basa Sunda dina ieu panalungtikan nya éta narjamahkeun kecap jeung kalimah tina basa Indonesia kana basa Sunda.

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jadi anu dimaksud tina judul panalungtikan “Modél Pangajaran *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda”, nya éta tarékah anu dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina narjamahkeun kana basa Sunda kalawan maké modél pangajaran anu dina prak-prakanna leuwih museurkeun kana ngaronjatkeun potensi siswa dina gawé bareng jeung kelompokna sangkan ngawangun kelompok anu miboga préstasi dina pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Dina prinsipna nalungtik nya éta ngalakukeun pengukuran, kukituna kudu aya alat ukur anu hadé. Alat ukur dina panalungtikan téh disebut ogé instrumén panalungtikan. Jadi instrumén panalungtikan nya éta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur *fenomena* alam atawa sosial anu ditalungtik (Sugiono, 2012:148).

Dina ieu panalungtikan tujuan instruménna nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina narjamahkeun kana basa Sunda kalawan maké model *Student Teams Achievement Division* (STAD). Instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun datana nya éta instrumén tés.

Tés nya éta patalékan atawa latihan anu gunana pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok (Arikunto, 2010:193). Sedengkeun Margono (2004:170) nétélakeun yén tés téh mangrupa seperangkat rangsangan (stimuli) anu ditepikeun ka hiji jalma kalawan maksud pikeun meunangkeun jawaban anu dijadikeun dasar pikeun nangtukeun skor angka. Jadi tés téh mangrupa patalékan-patalékan anu ditepikeun ka hiji jalma (siswa) anu tujuanna pikeun ngukur kamampuh, kaparigelan jeung bakatna anu jadi dasar pikeun nangtukeun skor.

Aya dua wanda tés anu digunakeun pikeun alat ukur, nya éta tés lisan jeung tés tulis. Anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta tés tulis. Tés tulis ogé kabagi jadi dua macem, nya éta:

- a. Tés essey, mangrupa tés anu jawabanna dina wangun kalimah-kalimah anu disusun sorangan (uraian).

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b. Tés objektiv, mangrupa tés anu aya alternatif-alternatif jawabana. Anu dipaké dina panalungtikan nya éta tés objektiv dina wangun pilihan ganda (*multiple choice items*) jeung tés ngajodokeun kecap.

Dumasar pedaran diluhur tés dina ieu panalungtikan anu dipaké salian tés ésséy jeung tés pilihan ganda, dipaké ogé tés dina wangun ngajodokeun kecap. Tés anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina narjamahkeun ngawengku, 10 soal wangun ngajodokeun. 5 soal wangun pilihan ganda, jeung 5 soal wangun ésséy (uraian). Jadi jumlah instrumén tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun alat ukur nya éta 20 soal.

Léngkah-léngkah dina nyieun instrumén tés nya éta:

- 1) Nangtukeun bahan tés;
- 2) Nyieun kisi-kisi soal;
- 3) Nyieun patalékan nu luyu jeung kisi-kisi soal;
- 4) Nyieun jawaban tina item-item soal nu dijieun, pikeun soal tés ngajodohkeun, pilihan ganda (jawaban obyektiv), jeung ésséy;
- 5) Mariksa tur nyarungsum soal;
- 6) Nganalisis hasil, validitas, reliabilitas, tingkat hésé babarina, jeung tingkat daya pangbéda.

Saméméh nyieun soal, perlu dijieun heula kisi-kisina. Kisi-kisi soal diperlukeun sangkan soal nu bakal dijieun téh puguh watesanana jeung leuwih bisa diarahkeun. Kisi-kisi soal nu dimaksud nya éta kisi-kisi soal kamampuh siswa dina narjamahkeun kana basa Sunda.

Tabél 3.1

Kisi-kisi Soal Kamampuh Narjamahkeun kana Basa Sunda

No	Materi	Nomer Soal	Jumlah soal
1	Ngajodokeun kecap tina basa Indonesia kana basa Sunda	1,2,3,4,5,6,7,8,9,10	10
2	Néangan harti kecap tina basa	11,12,13,14,15	5

NO. 540/FPBS.0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	Indonesia kana basa Sunda		
3	Narjamahkeun kalimah tina basa Indonesia kana basa Sunda	16,17,18,19,20	5

3.5 Nguji Instrumén Panalungtikan

Dina pedaran saméméhna, diécéskeun yén instrumén nu dipaké téh nya éta instrumén tés nu ngawengku tés wangun ngajodokeun, pilihan ganda jeung ésséy.

Saacan digunakeun salaku alat ngumpulkeun data, instrumén tés kudu diujicobakeun heula. Instrumén tés nu diujicobakeun téh aya 25 soal kalawan sampel ujicoba nya éta kelas X-4 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 nu lobana 30 urang. Maksud ieu ujicoba téh nya éta pikeun maluruh validitas, réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, jeung daya pangbéda soal.

3.5.1 Uji Validitas

Saméméh ngayakeun panalungtikan, instrumén nu dipaké alat ukur téh kudu kauji heula validitasna. Hiji instrumén disebut valid saupama bisa ngukur naon-naon nu hayang ditalungtik luyu jeung tujuan panalungtikan. Pikeun nguji validitas soal digunakeun rumus korélasi *product moment* kalawan angka kasar saperti di handap ieu.

$$r_{xy} = \frac{n \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{(n \sum X^2 - (\sum X)^2)(n \sum Y^2 - (\sum Y)^2)}}$$

r_{xy} = koéfisien korélasi antara variabel X jeung Y, dua variabel nu dikorélasikeun.

Sabada kapanggih harga r_{xy} , tuluy ditafsirkeun kana kritéria validitas soal:

$0,80 < r_{xy} \leq 1,00$ = validitas luhur pisan

$0,60 < r_{xy} \leq 0,80$ = validitas luhur

$0,40 < r_{xy} \leq 0,60$ = validitas sedeng

$0,20 < r_{xy} \leq 0,40$ = validitas handap

$0,00 < r_{xy} \leq 0,20$ = validitas handap pisan

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$r_{xy} \leq 0,00$ = henteu valid

Tabel 3.2
Nguji Validitas

No	ΣX	ΣX^2	ΣY	ΣY^2	ΣXY	r_{xy}	Kritéria	Tafsiran
Σ								

Katerangan:

ΣX = jumlah siswa nu ngajawab bener

ΣY = jumlah skor nu dihontal ku siswa

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas soal kamampuh siswa narjamahkeun kana basa Sunda, tina jumlah 25 item soal téh katitén 4 soal anu validitasna luhur, nya éta nomer 4,8,10, jeung 12. Aya 4 anu validitasna sedeng, nya éta nomer 5,7,9, jeung 11. Anu validitasna handap aya 4 nya éta nomer 6,13,16 jeung 17. Anu validitasna handap pisan aya 6 nya éta nomer 1,15,18,19,20,jeung nomer 25. Sarta aya 7 soal anu teu valid, nya éta nomer 2,3,13,16,17,18, jeung nomer 19

3.5.2 Uji Réliabilitas

Réliabilitas nya éta kaajegan alat nu dipaké dina ngajén sarupaning hal nu rék diajénna. Hartina iraha baé alat ukur dipaké bakal méré hasil nu rélatif sarua (Sudjana, 2005).

Ku kituna, téh bisa disebutkeun ajeg saupama hasil ngukur waktu ayeuna nunjukkeun hasil sarua jeung hasil dina waktu séjén ka siswa nu sarua. Uji réliabilitas dilaksanakeun pikeun nunjukeun yén éta instrumén téh bisa dipercaya salaku alat pikeun ngumpulkeun data.

Léngkah- léngkah nguji réliabilitas instrumén dina ieu panalungtikan :

1. Nyieun tabél

Tabel 3.3

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nguji Réliabilitas

No. Absen	Skor total	X (Soal no.ganjil)	Y (Soal no.genap)	X ²	Y ²	XY
Σ						

2. Ngitung korélasi antara skor-skor unggul belahan maké rumus *product moment* :

$$r^{1/2 \ 1/2} = \frac{n \sum xy - (\sum x)(\sum y)}{\sqrt{\{n \sum x^2 - (\sum x)^2\} \{n \sum y^2 - (\sum y)^2\}}}$$

3. Pikeun ngitung réliabilitas soal wangun uraian (ésséy) digunakeun rumus ieu di handap.

$$r_{11} = \left[\frac{k}{k-1} \right] \left[1 - \frac{\sum \sigma_b}{\sum \sigma_t} \right]$$

(Suyatna, 2002: 92)

Katerangan:

- r_{11} = réliabilitas instrumén
 k = jumlah sakabéh soal
 σ_b = jumlah varian unggal item
 σ_t = jumlah varian total

4. Nafsirkeun harga r kana indéks korélasi

- $0,80 < r_{xy} \leq 1,00$ = luhur pisan
 $0,60 < r_{xy} \leq 0,80$ = luhur
 $0,40 < r_{xy} \leq 0,60$ = sedeng
 $0,20 < r_{xy} \leq 0,40$ = handap
 $0,00 < r_{xy} \leq 0,20$ = handap pisan

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hasil itungan réliabilitas tina hasil uji coba soal wangun objektif, kapanggih $r_{iung} = 0,29$ dibandingkeun jeung $r_{tabel} = 0,361$ dina taraf kapercayaan 95% kalawan $N=30$. Nilik kana hasil r_{iung} katitén yén soal anu diujicobakeun aya dina kategori handap.

Hasil itungan réliabilitas tina hasil uji coba soal wangun uraian, kapanggih $r_{iung} = 0,712$ dibandingkeun jeung $r_{tabel} = 0,361$ dina taraf kapercayaan 95% kalawan $N=30$. Nilik kana hasil r_{iung} katitén yén soal anu diujicobakeun aya dina kategori luhur.

3.5.3 Uji Tingkat Hésé Babarina Soal

Dina nyusun hiji tés teu meunang babari teuing, ogé teu meunang hésé teuing. Hiji soal nu babari pisan, nepi ka bisa ka jawab ku sakabéh siswa, teu kaasup soal nu hadé. Kitu deui soal nu hésé pisan, nepi ka teu ka jawab ku sakabéh siswa, teu kaasup soal nu hadé. Dumasar pamadegan di luhur, dina nyusun hiji instrumén téh kudu di itung tingkat hésé babarina soal.

Patokan pikeun nangtukeun tingkat hésé babarina item soal nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) 0-24% = soal hésé
- b) 25-75% = soal sedeng
- c) 76-100% = soal babari

Pikeun nguji tingkat hésé babarina soal objéktif maké rumus ieu di handap :

$$THB = \frac{SKU + SKA}{N}$$

Keterangan:

- THB = tingkat hésé babarina soal
- SKU = skor kelompok unggul
- SKA = skor kelompok asor
- N = 27 % (Jmlh kel. Unggul + kel. Asor)

NO. 540/FPBS .0251/2013

Saméméh ngagunakeun rumus di luhur, aya 4 léngkah nu kudu dilaksanakeun, nya éta:

- Nyusun jawaban siswa ti mimiti skor panggedéna napi ka skor panghandapna;
- Nyokot 27% jawaban siswa ti kelompok luhur jeung handap;
- Nyieun tabél jawaban siswa ti kelompok luhur jeung kelompok handap. Jawaban nu bener dicirian ku angka 1, jawaban salah dicirian ku angka 0 (nol). Format tabélna saperti ieu dihandap.

Tabél 3.4

Format Jawaban Siswa ti Kelompok Luhur jeung Handap

Soal \ Siswa	1	2	3	4	5	6	7	jst
1								
2								
3								
4								
5								
jst								

Pikeun nguji tingkat hésé babarina soal wangun uraian (ésséy),digunakeun rumus:

$$THB = \frac{S_h + S_l - (2N \times Skor_{min})}{2N (Skor_{maks} - Skor_{min})}$$

Katerangan:

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

S_h = jumlah skor kelompok unggul

S_l = jumlah skor kelompok asor

$Skor_{maks}$ = skor maksimal hiji soal

$Skor_{min}$ = skor minimal hiji soal

N = jumlah réspondén kel. unggul atawa kel. Asor

(nurutkeun Nurgiyantoro, nu dicutat ku Novi, 2007: 60)

Tina hasil ngitung tingkat hésé babarina soal katitén soal anu hésé aya 3 soal, nya éta soal nomer 12,13 jeung 16. Soal anu sedeng aya 17 soal, nya éta soal nomer 1,4,5,6,7,8,9,10,11,15,17,20,22,23, jeung soal nomer 24. Sedengkeun soal anu babari aya 4 soal, nya éta soal nomer 2,3,14, jeung 16.

3.5.4 Uji Daya Pangbéda Soal

Uji daya pangbéda soal mibanda tujuan pikeun nguji daya pangbéda soal tés, naha éta soal téh bisa ngabédakeun siswa anu cerdas jeung siswa anu bodo atawa henteu.

Numutkeun pamadegan saurang ahli, maksud utama nguji daya pangbéda soal téh nya éta pikeun maluruh kasanggupan hiji soal dina ngabédakeun siswa nu kagolong pinter jeung siswa nu kagolong lemah préstasina. Hartina, saupama éta soal dibikeun ka nu mampu, hasilna nunjukkeun préstasi nu hadé. Sedengkeun upama éta soal dibikeun ka siswa nu lemah, hasilna ogé kurang hadé (Sudjana, 2005).

Pikeun ngitung daya pangbéda item soal digunakeun rumus saperti ieu di handap.

$SKU-SKA$

$$TDP = \frac{SKU-SKA}{n}$$

Katerangan lambang:

TDP = daya pangbéda

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- SKU = skor kelompok unggul
 SKA = skor kelompok asor
 n = jumlah kelompok unggul jeung kelompok asor

Sedengkeun pikeun ngitung tingkat daya pangbéda soal uraian digunakeun rumus:

$$TDP = \frac{S_h - S_l}{N (Skor_{maks} - Skor_{min})}$$

Katerangan:

- TDP = tingkat daya pangbéda
 S_h = jumlah skor bener kelompok unggul
 S_l = jumlah skor bener kelompok asor
 $Skor_{maks}$ = skor maksimal hiji soal
 $Skor_{min}$ = skor minimal hiji soal
 N = jumlah réspodén kel. unggul atawa kel. Asor

Pikeun napsirkeun tingkat daya pangbéda, dipaké patokan ti Arikunto saperti handap ieu.

- $0,00 - 0,20$ = goréng
 $0,20 - 0,40$ = cukup
 $0,40 - 0,70$ = alus
 $0,70 - 1,00$ = alus pisan
 $< 1,00$ = goréng pisan

Tina 25 soal anu diujicobakeun katitén aya 20 soal anu goréng nya éta soal nomer 1,2,3,4,6,7,8,12,13,15,16,17,18,19,20,21,22,23,24, jeung nomer 25. Aya 5 soal anu cukup nya éta soal nomer 5,9,10,11, jeung soal nomer 14.

NO. 540/FPBS .0251/2013

Dumasar kana hasil uji validitas, réliabilitas, tingkat hésé babarina soal

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung daya pangbéda, dicokot 20 soal pikeun dijadikeun instrumén panalungtikan kalawan aya sababaraha soal anu dirévisi.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara tés. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éya Pre-test jeung Post-test, anu tujuanna pikeun mikanyaho kaéfektifan modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda di kelas X. Pre-test digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa saacan ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD), dina kagiatan ieu siswa ngajawab soal tés tanpa dibéré heula materi pangajaran narjamahkeun, tuluy hasilna dikumpulkeun terus dipariksa pikeun mikanyaho skor awal. Sanggeus mikanyaho skor awal siswa dibéré treatment tuluy siswa dititah ngeusian deui soal tés anu disebut post-tést.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha tahapan, nya éta:

- 1) Siswa ngerjakeun pancen anu mangrupa pretés narjamahkeun kana basa Sunda pikeun mikanyaho pangaweruh awal siswa kana materi narjamahkeun kana basa Sunda.
- 2) Sanggeus mikanyaho pangaweruh awal siswa kana hasil narjamahkeun ngaliwatan pretés anu geus dilaksanakeun, panalungtik nyiapkeun materi pangajaran jeung modél *Student Teams Achievement Division* (STAD).
- 3) Méré perlakuan ka siswa, nya éta ngalaksanakeun prosés diajar ngajar ngeunaan materi narjamahkeun kana basa Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Student Teams Achievement Division* (STAD).
- 4) Sabada méré perlakuan, saterusna dilaksanakeun postés pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa, naha ngaronjat atawa henteu.

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.7 Tehnik Nganalisis Data

Sabada data kakumpul, mangka pikeun mikanyaho hasil pretés jeung postés siswa dilakukeun sababaraha léngkah dina nganalisis data, diantarana nya éta:

- 1) Meunteun hasil pretés jeung postés siswa;
- 2) Hasilna diuji maké uji sifat data (uji normalitas, uji homogénitas, uji gain, jeung uji hipotésis);
- 3) Ngadéskripsikeun hasil analisis data;

Dina ieu panalungtikan data anu paling utama nya éta data pretes jeung data postés. Sanggeus data ieu kakumpul tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil tina pretés jeung postés. Data panalungtikan anu diolah, dina enas-enasna mah ditujukeun pikeun mikanyaho:

- 1) Kamampuh narjamahkeun siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013 dina narjamahkeun kana basa Sunda saménéh ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD);
- 2) Kamampuh narjamahkeun siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012-2013 dina narjamahkeun kana basa Sunda sabada ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD);
- 3) Bédana kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013 saacan jeung sabada ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD); jeung
- 4) Éféktivitas modél pangajaran *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran narjamahkeun.

Ku kituna pikeun maluruh tujuan-tujuan diluhur, dilakukeun analisis data anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

3.7.1 Meunteun tarjamahan siswa.

Sanggeus hasil pretés jeung postés dipariksa jeung dianalisis, satuluyna ditabulasikeun, anu tujuana pikeun miknyaho rata-rata peunteun siswa, standar deviasi jeung varian tina masing-masing kelompok.

Pikeun mikanyaho frékuénsi peunteun pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda, pamariksaan

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngadéskripsikeunana kalawan ngagunakeun kritéria:

Tabel 3.5
Kritéria Peunteun

No	Aspek	Skor Ideal
1	Ketepatan ngajodokeun kecap tina basa Indonesia kana basa Sunda	10
2	Pangaweruh kandaga kecap basa Sunda	5
3	Narjamahkeun kalimah tina basa Indonesia kana basa Sunda	10
	Σ	25

Skala Skor:

(1) Aspek Ketepatan ngajodokeun kecap tina basa Sunda kana basa Indonesia

1-2,9 = goréng

3-6,9 = sedeng

7-10 = alus

(2) Aspek pangaweruh kandaga kecap basa Sunda

1-1,9 = goréng

2-3,9 = sedeng

4-5 = alus

(3) Aspek Narjamahkeun kalimah tina basa Indonesia kana basa Sunda

1-2,9 = goréng

3-6,9 = sedeng

7-10 = alus

Skor nu kahontal ku siswa dirobah jado skor ahir kalawan ngagunakeun

rumus:

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$P = \frac{\sum \text{Skor siswa}}{\sum \text{Skor maksimal}} \times 100$$

3.7.2 Uji Sifat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas, uji homogénitas, uji gain, jeung uji hipotesis. Pikeun nangtukeun signifikansi béda peunteun rata-rata, dilakukeun dua jenis analisis. *Kahiji* nya éta uji normalitas. Data anu miboga analisis normal dilakukeun ku cara analisis paramétrik kalawan ngaunakeun *t-tes*. Sabalikna data anu henteu normal distribusina diolah ngagunakeun analisis non-paramétrik kalawan ngagunakeun uji *wilcoxon*. Anu *kadua*, uji homogénitas variasi anu tujuanana pikeun nangtukeun homogénitas data nilai siswa. Anu *katilu*, nya éta uji gain anu tujuanana pikeun mikanyaho hasil tina tés nya éta tina pretés jeung postés. Uji gain ieu dilakukeun pikeun ngabandingkeun hasil pretés jeung postés anu hasilna bisa dijadikeun gambaran naha modél STAD éféktif atawa henteu pikeun pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda. Tuluy nu pamungkas nya éta uji hipotesis, anu tujuanana pikeun mikanyaho, naha hipotésisna ditarima atawa ditolak.

3.7.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Uji normalitas ieu salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata. Dina nangtukeun éta téh bisa ngagunakeun rumus *chi* kuadrat (X^2).

Saméméh ngagunakeun *chi* kuadrat (X^2), mangka dina ieu panalungtikan kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu dihandap:

- a) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna
- b) Ngitung rentang (*r*) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$r = \text{peunteun panggedéna-peunteun pangleutikna}$$

Meti Kusmayanti, 2013

*Modél Student Teams Achievement Division (stad)
dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda
(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung
taun ajaran 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

NO. 540/FPBS .0251/2013

c) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

d) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

e) Nyieun tabel frekuensi peunteun tés awal jeung tés ahir kalawan ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.6

Format Frékuensi Peunteun Pratés jeung Postés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

f) Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} = \frac{\Sigma f_i x_i}{\Sigma f_i}$$

Keterangan:

\bar{X} = rata-rata (mean)

Σ = jumlah

F_i = jumlah data

X_i = nilai tengah

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Sudjana, 2005: 70)

g) Ngitung standar deviasi, carana nya éta

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.7

Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Praté

Interval	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
Σ								

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3) Nangtukeun batas kelas interval (bk)

(4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

(5) Nangtukeun Z_{tabel}

(6) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabel}1} - Z_{\text{tabel}2}$$

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

*Modél Student Teams Achievement Division (stad)**dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda**(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$E_i = n \times L$$

(8) Nangtukeun niléy X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005:273)

(9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$Dk = n-1$$

(Sudjana, 2005:293)

(10) Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

$X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina normal, tapi upama

$X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Nangtukeun $X^2_{\text{tabél}}$ kalawan tingkat kepercayaan 99%.

3.7.2.2 Uji Homogéitas

Sabada dilaksanakeun uji normalitas, sarta data nu dihasilkeuna normal, hal anu kudu dilakukeun satuluyna nya éta uji homogénitas. Uji homogénitas nya éta uji sifat data anu tujuanna pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua. Ku kituna pikeun nangtukeun homogén henteuna variansi nya éta ku ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

a) Ngitung variansi masing-masing kelompok

Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variansi tés ahir

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005: 95)

b) Ngitung harga variansi (F)

$$F = \frac{\text{Variansi anu leuwih gedé}}{\text{Variansi anu leuwih leutik}}$$

c) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

d) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

e) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

Saupama $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel homogén.Saupama $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 2005:250)

3.7.2.3 Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun mikanyaho hasil tina tés nya éta tina pretés jeung postés. Uji gain ieu dilakukeun pikeun ngabandingkeun hasil pretés jeung postés anu hasilna bisa dijadikeun gambaran naha modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) éféktif atawa henteu pikeun pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun ajaran 2012/2013.

Pikeun nangtukeun gain, baris ngagunakeun léngkah-léngkah ieu di handap:

Tabel 3.8

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Narjamahkeun kana Basa Sunda

No	Peunteun Pretés	Peunteun Postés	NO. 540/FBS .0251/2013
----	-----------------	-----------------	------------------------

Meti Kusmayanti, 2013

*Modél Student Teams Achievement Division (stad)**dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda**(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.				
2.				
Σ				
\bar{X}				

3.7.2.4 Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis, kudu ngaliwatan sababaraha léngkah. Aya dua cara nalika rék nguji hipotésis, nya éta: (1) saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun **statistik paramétris** kalawan ngagunakeun uji *t-tés*, (2) saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun **statistik nonparamétris** kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

1) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal. Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta:

- a) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun tés awal (pretés) jeung peunteun tés ahir (postés). Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

- b) Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

- c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

d) Ngitung t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

t = tés signifikansi

Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi

n = jumlah subyék dina sampel

e) Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima, yén modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013.
- Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis ditolak, yén modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) teu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013.

Tabél 3.9

Tabél Uji *Wilcoxon*

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

NO. 540/FPBS.0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

XA1 : Peunteun pretés

XB1 : Peunteun postés

a) ditarima henteuna hipotésis dina uji *Wilcoxon* ngagunakeun kriteria ieu dihandap.

- Saupama $W_{itung(-)} < W_{tabél}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina Ha ditarima, yén modél STAD miboga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013.
- Saupama $W_{itung(-)} > W_{tabél}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina Ha ditolak, yén modél STAD henteu miboga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013.

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)

dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu